

**Pwofesyonèl swen sante yo gen dwa dokimante konsantman vèbal volontè a oswa adapte modèl fòmilè sa a anvan yo sèvi avèk li.**

### **Konsantman pou Patisipasyon nan Rejis Vaksinasyon Minisipal la (CIR) pou Moun ki Gen Laj 19 An pou Pi Piti**

Rejis Vaksinasyon Minisipal (Citywide Immunization Registry, CIR) Vil New York la se yon sistèm enfòmasyon konfidansyèl ki kite itilizatè ki gen otorizasyon yo jwenn dosye vaksinasyon yon moun. Gen lwa estrik nan nivo federal ak nan nivo eta a ki pwoteje konfidansyalite enfòmasyon pèsònèl ki nan sistèm nan. Men kèk avantaj ki genyen lè ou patisipe nan CIR la:

- Pwofesyonèl swen sante w la ka sèvi avèk CIR la pou verifye ou resevwa tout vaksen ou bezwen yo, epitou lòt tretman medikal ki rekòmande.
- CIR la ofri yon dosye vaksinasyon ki pèmanan ak fasil pou jwenn.

Patisipasyon nan CIR la volontè pou moun ki gen laj 19 an pou pi piti, donk ou p ap enskri ladan l sòf si ou ranpli fòmilè konsantman sa a. Si ou vle patisipe, tanpri li deklarasyon ki pi ba a byen epi siyen nan espas ki prevwa pou sa a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou konsantman an, tanpri rele 347-396-2400.

#### **Deklarasyon Konsantman**

Mwen bay konsantman mwen pou \_\_\_\_\_ (non doktè a oswa òganizasyon an) bay Rejis Vaksinasyon Minisipal la (CIR) enfòmasyon sou vaksinasyon mwen ak done idantifikasyon mwen. Mwen konprann objektif CIR se ede nan swen medikal mwen yo ak anrejistre vaksen mwen te pran yo oswa sa mwen pral pran yo pi devan. Gen posibilite pou Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la sèvi avèk enfòmasyon sou vaksinasyon mwen yo pou amelyorasyon kalite, rechèch nan epidemyoloji, ak kontwòl maladi. Y ap wete enfòmasyon ki ka pèmèt idantifye mwen yo nan enfòmasyon ki sèvi pou amelyorasyon kalite oswa pou rechèch.

Yo ka bay antite sa yo enfòmasyon sou vaksinasyon ki nan CIR la: mwen menm, plan asirans sante mwen an, depatman sante nan nivo eta ak nan nivo lokal yo, lekòl kote mwen enskri a, ak pwofesyonèl medikal ki gen otorizasyon ban mwen swen medikal yo.

Mwen konprann p ap gen efè ni sou tretman mwen, ni sou peman mwen, ni sou enskripsyon mwen nan avantaj sosyal si mwen chwazi pa enskri nan CIR la. Mwen gen dwa wete konsantman sa a nenpòt lè avèk fòmilè yo ban mwen an. Enfòmasyon sou vaksinasyon CIR la resevwa avèk konsantman mwen ap rete nan CIR la si mwen chwazi pi ta pou mwen wete konsantman mwen. Men, yo p ap anrejistre lòt vaksinasyon m ap resevwa pi devan nan CIR la si mwen wete konsantman mwen an.

\_\_\_\_\_  
Non an Lèt Detache

\_\_\_\_\_  
Dat Nesans

\_\_\_\_\_  
Siyati

\_\_\_\_\_  
Dat